

Flanbo Verite A



LAVIKTWA
MATANT ANDRIZ
(Gade istwa a nan paj 11)

Me - Jen 2021 | Volim 12 Nimewo 3

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial 3

Lite Pou Lafwa
#4 Kore Te Peri Nan Rebèl Ak
Bondye 4

Istwa Kouvèti a 11

Kisa Verite A Ye ? 14

Seksyon Paran
Apèl pou Monte
Leson 11b 15

Istwa Biblik
Pitit Fi Jayiris La Ak Yon Fanm
Dezespere 18

Istwa Mati Yo
Jan, Yon Evanjelis..... 23

Seksyon Jenn
Chemen Li te Chwazi a
Chapit 3c..... 26

Seksyon Timoun
Yon Prèv Lannwit 30
Aktivite Timoun..... 34

Po Dèy Ak Pwovèb La..... Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Antonio Campos
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Tou dènyèman mwen te li yon atik ki te genyen pou tit : « Langaj Repantans. » Otè atik la t'ap peze sou kisa vre repantans lan ye. Li te esplike kijan nou kapab rekonèt langaj yon moun ki repanti tout bon vre.

Vre repantans se lè nou rekonèt kijan peche nou fè a se bagay ki grav, epi lè reyalite sa a chanje jan nou panse sou demen. Vre repantans mennen yon chanjman fondamantal nan lavi yon moun. Si n' vle di li yon lòt fason, nou kapab di repantans se lè nou chanje direksyon nan lavi nou.

Genyen kèk eleman nan langaj repantans lan ki kapab sèvi pou distenge si repantans lan otantik, si li reyèl. Kisa yon moun di (e kisa li p'ap di) lè tout bon vre li repanti pou yon peche ?

1. Si tout bon vre nou repanti, nou p'ap lage chay sou do lòt moun pou sa NOU te fè.
2. Si tout bon vre nou repanti, nou p'ap eseye pwoteje repitasyon nou an.
3. Si tout bon vre nou repanti, nou p'ap bay eskiz pou sa n' fè a.
4. Si tout bon vre nou repanti, nou enb.
5. Si tout bon vre nou repanti, nou asepte responsabite pou aksyon nou yo.

Mwen ankouraje anpil lè m' gade Sòm 51 kote David te repanti tout bon vre pou yon peche li te fè. Egzanp David kite a ede nou reyaji byen lè nou fè peche. Lè yo te vin pale sou peche a avèk David, David te kouri asepte. Li te fè wè kijan nenpòt peche yon moun fè kont yon lòt se yon vyolasyon lalwa Bondye, epi se peche li peche kont Bondye lè sa a. Nou ka remake David te twouble dèske li te sal non Bondye a. David te konfese li pa t' merite padon ak mizèrikòd nan men Bondye. Li te konsyan li pa t' merite li, men David te swaf padon kanmenm. Li te plede ak Bondye pou li jwenn li. David te peze sou kijan yon kè ki brize se yon bagay ki enpòtan, epi imilite devan Bondye se kle.

Nan sòm sa a, David montre nou kijan peche se bagay ki grav epi kijan nou gen privilèj jwenn libète lè nou repanti. Padon Bondye ofri nou an rann nou lib. Jodi a, nan lanmò Jezi Kris ki te ofri tèt Li kòm sakrifis pou peche nou yo, nou jwenn libète tout bon epi nou jwenn netwayaj. Konsa tou, nan rezirèksyon Kris, nou jwenn lavi nouvo. « ...**Menm si peche nou yo ta tache wouj kou san sou tout kò nou, M'ap lave nou. M'ap fè nou vini blan kou koton. Nou te mèt tache wouj fonsè, M'ap blanchi nou, M'ap fè nou blan kou lenn mouton** » (Ezayi 1.18).

Peche sitèlman vin nòmal jounen jodi a, pou anpil moun li tounen yon ti jwèt. Pou rezon sa a, repantans vin yon ti bagay lejè. Pèsoun moun pa vle asepte responsabite pou aksyon yo. Nan ka sa a, èske nou sezi lè n' tandè genyen anpil moun ki fèb nan legliz la, k'ap benyen nan peche, epi ki p'ap pote laviktwè sou peche ?

Li pa fasil pou yon moun fè esperyans yon bon repantans tankou sa ki dekri nan Sòm 51. Nan lachè, sa p'ap fèt fasil. Men, li nesèsi si nou vle jwenn pitye ak padon nan men Bondye. Repantans anseye nou yon langaj nou dwe konnen byen. Chemen libète a se imilye tèt ou, se admèt peche, se repanti tout bon vre. Vre repantans libere nou pou n' devni kalite moun Bondye vle pou nou ye a.

Dwann Nisli

LITE POU LAFWA



YON ETID SOU LIV JID LA

#4

Kore Ki Te Peri Nan Fè Rebèl Ak Bondye

—Dale Heisey

Nan lèt li te ekri a, Jid site twa (3) pèsonalite ki parèt nan Ansyen Kontra a pou li ilistre yon seri fo doktrin ki va pouse moun lwen Bondye nan dènye jou yo. Moun li site yo se : Kayen, Balaram, epi Kore. Nan vèsè 4, Jid ap dekri yon seri erè ki fofile antre nan legliz la san legliz la pa menm rann yo kont. Li di : « ...*gen kèk mechan ki gentan fofile kò yo nan mitan nou. Se moun ki san respè pou Bondye. Yo pran renmen Bondye renmen nou an sèvi yon kouvèti pou fè dezòd. Yo vire do bay Jezikri ki sèl Mèt ak sèl Senyè nou an. Depi lontan yo te ekri nan Liv la ki kalite kondanasyon k'ap tann moun sa yo.* » Jid itilize Kore

pou reprezante sila yo ki genyen yon lespri endepandans, se moun ki : « ...*fè tout kalite vye bagay ak kò yo, y'ap meprize otorite Bondye, y'ap pale pouvwa ki nan syèl yo mal* » (v. 8). Jid note erè sa a ki te prezan lakay Kore moun ras Levi a, epi li souliyen l' kòm yon menas pou lafwa Kreyen an. Lè li pale sou moun ki konsa, li di : « ...*y'a mouri tankou Kore ki te peri nan fè rebèl ak Bondye* » (v. 11). Mo « rebèl » sa a sòti nan yon mo Grèk : *antilogia*. Li branche avèk yon vèb : *antilego*. Vèb sa a vle di « opoze. » Li vle di « kontredi. » Li vle di « pale kont. » Annefè, li siyifi chache kont oubyen leve kont moun. Pou Kore, li te pran pozisyon kont Moyiz ansanm avèk otorite Bondye te etabli lakay Moyiz la.

Istwa Kore a se nan liv Nonb chapit 16 nou jwenn li. Alepòk, tout espion yo ki te fè rebelyon kont Bondye nan epòk Jozye (lè yo te dwe antre pran peyi Kanaran) te gentan mouri deja. Kore ansanm ak Datàn ak Abiram te sanble desansenkant (250) chèf pèp la, moun pèp la te respektè anpil, epi yo te revolte kont Moyiz ak Arawon. Nèg sa yo te reyini devan Moyiz ak Arawon, epi yo di konsa : « *Kounyeya, mesye, n'al twò lwen tande ! Dènye moun nan pèp la se pou Senyè a y'ap viv. Senyè a la nan mitan nou tout, pa vre ? Poukisa, nou menm Moyiz ak Arawon, nou pran pòz chèf nou anwo pèp Senyè a konsa ?* » (Nonb 16.3). Lè Moyiz tande pawòl sa a, li te lage kò l' atè plat pou li lapriyè Bondye. Men, Kore ak lòt nèg yo te deja revolte kont Bondye. Alafen, tè a te fann, li te louvri anba pye Datàn ak Abiram. Li vale yo, yo menm, tout fanmi yo ansanm ak tout moun ki te pran pozisyon pou Kore, ak tout sa ki te pou yo.

Malerezman, rebelyon an pa t' tou fini nan moman sa a. Menm lespri rebelyon an ki te anime Kore ak moun li yo te gentan enfekte tout pèp la. Yo te leve kont Moyiz tou (v. 41). Poutèt rebelyon sa a, Bondye te pini pèp la. Se te 14 700 moun ki te mouri (v. 49). Gwo jijman sevè sa a fè nou wè byen klè kòman Bondye wè sa lè moun leve pou « fè rebèl kont Bondye » tankou Kore te fè l' la. Sa vle di, depi yo leve kont sila Bondye te etabli kòm otorite, yo tou rebèl kont Bondye menm.


Kore ak nèg yo ki te swiv li te genyen yon lespri endepandans, kote yo te santi yo pa bezwen pèsonn, yo pa oblije soumèt devan pyès moun. Menm lespri sa a se yon bagay nou pral wè nan denyè jou yo kanmenm. « *Moun pral fè rayisab, y'ap renmen lajan, y'ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y'ap pale Bondye mal, y'ap dezobeyi papa ak manman yo, y'ap engra, y'ap san okenn respè pou bagay Bondye* » (2 Timote 3.2). Lis la te kapab pi long toujou. Tout lide sa yo ap dekri yon seri moun ki pa asepte otorite lòt moun ditou. Se menm atitid la nou remake

nan deklarasyon sa a : « *Nou pa vle nonm sa a pou wa nou* » (Lik 19.14). Plis yon moun kite lide lemonn sa yo enfliyans li, plis li travay pou fè wè tèt li, se plis l'ap genyen lide nan kè l' ki di konsa : « Pèsonn moun pa ka di m' sa m' dwe fè. » Pou moun k'ap viv jodi a, ou fasil jwenn moun ki mete nan tèt yo se yo menm ki chèf tèt yo nèt. Nan yon pwezi anpil moun renmen, *William Henley* te ekri mo sa yo : « Se mwen ki mèl lavni m', se mwen ki kaptenn nanm mwen. » Lòm fasil panse anyen pa ka fè l' anyen, epi li gen dwa aji selon nenpòt foli li genyen nan tèt li san li pa bezwen respekte konviksyon pèsonn lòt moun ni okenn lwa moral Bondye te etabli. Lòm pa fasil respekte otorite ki limite yon bagay li anvi fè. Li viv nan rebelyon ak dezobeyisans ap swiv nenpòt sa ògèy li mande li fè. Se vre, rebelyon ak dezobeyisans lakay lòm se bagay ki la depi nan Jaden Edenn lan, men nan epòk modèn lan li ta sanble li rive nan yon lòt nivo. Sitou pou senkant (50) ane ki apenn pase yo.

Kisa ki lakòz fenomèn lese grennen total sa a ki toupatou sou latè jounen jodi a ? Nou pral analize de (2) egzanp sosyete ki va ede nou reponn kèsyon sa a. Se de (2) egzanp ki vrèman kontrè youn ak lòt.

Pou premye egzanp lan, n'ap itilize Bib la – ki se Pawòl Bondye – kòm yon fondasyon. Lafwa fèm vini lè moun tandè Pawòl Bondye a (Women 10.17). Kalite lafwa sa a posib lè yon moun kwè nan Bondye epi lè li kwè se Bondye ki te kreye latè ak tout linivè a. Li posib lè li kwè Bondye souvren, Li etènèl, Li sen, epi pawòl Li va kanpe pou toujou. Depi

se sou fondasyon sa a yon moun bati lavi li, moun sa a va soumèt volonte li devan Bondye, epi li va viv nan obeyisans devan la-lwa Bondye ki sen. Moun sa a koube devan moralite ak jistis Bondye te etabli a. Selon modèl



sa a, lòm se yon sèvitè li ye. Dèske lòm se sèvitè Bondye li ye, li se sèvitè pou lòm parèy li yo tou. Yon moun konsa pral viv selon kè Bondye, epi se konsa l'ap wè

moun parèy li yo menm jan Bondye wè yo. Li gade yo avèk kè sansib, epi li chache okazyon pou li sèvi yo, pou li beni yo. Nan egzanp sa a, moun lan apresye lalwa Bondye ki san konpwomi. Li asepte lalwa Bondye a kòm otorite sou tèt li. Li fè tout efò pou li mete prensip sa yo nan pratik chak jou l'ap viv.

Depi yon timoun aprann obeyi lakay li, nan lekòl li, epi nan kominote li, l'ap santi li an sekirite epi l'ap jwenn ankourajman nan men otorite yo. Sa a va prepare li pou li tandè vwa Bondye menm jan ak Samyèl, epi pou li reponn byen : « ***Pale non ! Sèvitè Ou la ap koute Ou !*** » (1 Samyèl 3.10). Samyèl se yon egzanp sa nou ta rele « yon sèvitè reskonsab. » Se yon moun ki rekonèt Bondye avèk lalwa Bondye a nan jan li viv lavi li.


Men yon lòt egzanp ki konplètman opoze avèk premye a. Se egzanp sa a ki reprezante pi fò moun k'ap viv jodi a. Nan egzanp sa a, moun yo mete Bondye sou kote.

Yo mete nan tèt yo se konsa yo kapab chape anba reskonsabilite yo genyen pou obeyi Li.

Yon filozofi yo rele imanis (ki sòti nan mo imen) te parèt nan kòmansman lanne 1800 yo konsa. Se te yon teyolojiyen

Alman, yon Literyen, ki te prezante li. Selon filozofi sa a, lòm kapab amelyore lavi li depi li fè tèt li travay, depi li anplwaye entèlijans li. Dapre filozofi imanis la, lòm pa gen bezwen Bondye. Moun sa yo kwè se lòm ki pi wo. Yo kwè kapasite lòm genyen an sifi pou kont li. Nan egzanp sa a, tout bagay santre sou lòm. Se lòm ki kòmansman an ak lafen an. Kòd moral yo, dapre imanis la, se lòm ki pou etabli yo pou kont li. Li pa bezwen konsidere anyen ki pi wo pase li, ni li pa bezwen konsidere lalwa ki pa janm chanje a, ki sòti nan Bondye.

Lide sa yo domine sosyete modèn lan. Toutan y'ap fè pwomosyon filozofi sa a



nan sistèm edikasyon yo. Se li menm ankò y'ap pouse devan nan jounal, sou tele, epi nan film. Li deja file antre nan pifò mizik moun ap koute. Gouvènman yo sou latè ouvri pòt yo laj pou pèmèt bagay ki dwòl, pou ekri lwa ki kont Bib la. Depi yon mouvman pa wè Bondye pou anyen, pa genyen anyen ki sèten ankò. Depi pa genyen anyen ki sèten ankò, pa genyen okenn otorite ankò nonplis. Jounen jodi a genyen politik pa l'. Jounen jodi a sosyete a peze sou tout kalite dwa pèsònèl san yo pa janm pale sou reskonsabilite pèsònèl. Tout bagay sa yo ouvri pòt la pou lachè dirije moun, pou lachè deside direksyon sosyete a. Tout limit moral yo, sosyete a jete yo tout. Yo chwazi viv san okenn limit.

Filozofi imanis la pouse moun kwè yo sipoze viv apa san yo pa bezwen mele nan yon pakèt ansyen lide « yo te konn rele moralite. » Pou anpil moun, lòm se pwòp « bondye » pa l'. Se pou rezon sa a sosyete yo kouri asepte divòs ak remarye, yo asepte endesans (kò moun deyò), yo asepte maryaj gason ak gason epi fi ak fi, yo asepte avòtman, yo asepte pònografi, yo asepte moun chanje sèks jan yo vle. Se filozofi sa a ki fè moun moke yon jenn moun ki deside pa fè sèks toutotan li poko marye. Yo wè desizyon sa a pou lide fou. Yo kenbe atitid la ki di : « Depi bagay la dous, tou lage ou ladan l' san gade dèyè. » Malerezman, filozofi sa a se chemen destriksyon. Li detwi moun ki pratike li, epi li detwi nenpòt kilti ki adopte li.

Yo konn pale sou yon jenerasyon moun ki te fèt apre lanne 1980 epi anvan 1994. Yo konn rele yo « Jenerasyon Y ». An jeneral, se yo menm ki te kòmanse fòmile tout lide yo avèk filozofi yo ki ap manifeste nan sosyete a jounen jodi a. Se « Jenerasyon Y » la ki vini avèk sa yo rele « sèlfi. » Mo a sòti nan mo anglè a : *self*, ki fè referans a tèt pa ou. Yon « sèlfi » se lè ou lonje pòtab ou pou fè foto pwòp tèt pa ou. Ou te mèt pou kont ou, ou te mèt nan foul, yon « sèlfi » se yon foto ou fè epi ou pibliye l' ak entansyon pou fè moun wè ou. Se yon bagay ki reprezante pozisyon jenerasyon sa byen. Yo se moun ki wè tèt yo anvan tout lòt moun. Jenerasyon Y la te grandi ap aprann yon seri bagay imanis depi piti. Yo te wè li sou tele, epi yo te jwenn li ankò lè yo te ale lekòl. Lekòl yo te fè yo konprann lòm sòti nan bèt (teyori evolisyon an). Malgre jenerasyon an konn tandè granmoun yo pale sou Bondye, epi pafwa yo asiste yon sèvis osinon yon seremoni ki fèt legliz, se pa sa ki fòme lide yo. Se sosyete a pito ki fòme jenerasyon sa a. Nan kòmansman an, te genyen kèk grenn moun ki te reziste avèk filozofi a ki te jete tout moralite. Moun sa yo te kouri dèyè jenn yo pou jan yo t'ap abiye, pou jan yo t'ap aji, pou jan yo t'ap bwè tout vye bagay sosyete a te mete devan yo. Men, avèk tan ki t'ap pase a, anpil nan vwa sa yo te sispann

pale. Yo te koube anba presyon sosyete a. « Jenerasyon Y » la ki pran plezi nan fè foto tèt li epi pibliye l' pou tout moun wè l' se yon bèl reprezantasyon atitid Kore a ansanm ak moun li yo. Se lògèy ki fè moun santi se yo menm ki chita sou twòn lavi yo. Se lògèy ki fè moun lite sèlman pou bagay ki fè yo byen. Se konsa Kore te ye menm. Atitid modèn lan se : « Pèsonn pa ka di m' anyen. » Atitid modèn lan se : « M' pa oblije soumèt devan okenn moun. » Sa se atitid Kore a menm.

Yon lòt bagay ki make « Jenerasyon Y » se endepandans. Yo pa fasil angaje yo pou yo mache anba okenn banyè. Sa vle di yo pito pa fè pati okenn gwoup paske yo pa vle mete tèt yo anba okenn prensip gwoup la te ka genyen. Pou yo, tout tradisyon ki etabli depi lontan se bagay ki pase nèt, se bagay ki pa gen valè ditou pou yo. Yo jete tout bagay konsa.

Kounyeya, ann vire reflechi sou legliz epi sou relijyon. Malerezman, legliz la deja enfekte anpil avèk panse kwochi sa yo. Pou pifò moun ki adopte filozofi « Jenerasyon Y » la, jenerasyon « sèlfi » a, yo pa dakò fè pati okenn asanble kwayan. Yo pa enterese angaje yo kòm frè ak sè nan yon legliz. Si yo ta enterese ale legliz, y'ap chache youn ki konfòm avèk sa yo pito. Tout sa ki nan lide yo se tèt pa yo ase. Pou di vre, genyen anpil asanble ki ofri moun yo egzakteman sa yo anvi jwenn. Pase pou legliz la etabli kèk kondisyon yo mande moun yo satisfè anvan yo fè pati asanble a, yo pito konfòme yo devan nenpòt sa pèp la ta mande yo. Lèt Jid te ekri a pale sou bagay konsa menm. Se klè, yon « legliz » ki konsa p'ap egziye moun pou yo soumèt devan otorite Pawòl Bondye a, ni devan otorite pastè a. Yo vire mesaj Bib la pou li mache byen avèk jan pèp la deside viv. Yo pito sa pase pou yo ankouraje moun aplike ansèyman Bib la pou lavi yo ka chanje. Donk, « nouvo bondye » sa a moun yo gentan kreye se yon « bondye » ki koube devan sa pèp la ap chache pou tèt pa yo. Kore ta santi li alèz nan mitan gwoup sa a. Ou pa oblije desann tèt ou. Pa gen bezwen pou okenn kwa. Ou pa bezwen chache imilite. Ou pa bezwen soumèt okenn kote.

Jounen jodi a, si ou ensiste sou obeyisans, genyen moun k'ap di ou pa gen rezon. Pou moun alèkile yo, soumèt devan yon lwa ki sòti nan Bondye se bagay moun fou. Li p'ap dous, epi konsa yo pa enterese. Sosyete a ta fè nou konnen lè nou etabli limit pou timoun epi nou ensiste timoun yo aprann respekte limit sa yo, se anpeche n'ap anpeche timoun sa yo devlope.

Èske kalite panse sa yo bon ? Èske moun yo ki panse konsa gen rezon ? Èske Bondye ap fè lenjistis lè Li mande nou obeye Pawòl Li ? Èske se vre n'ap anpeche timoun devlope chak fwa nou ensiste sou respè, sou limit, sou regleman ? Bib la ban

nou repons lan klè : « **Baton ki korije timoun ap ba yo konprann. Men, timoun yo kite fè sa yo pito gen pou fè manman yo wont** » (Pwovèb 29.15).

Si nou gade byen sa k'ap fèt nan sosyete a, si nou gade direksyon jenn nou yo prale, nou kapab konprann sa pwovèb la vle di nou. Nan Ansyen Kontra a, Jozèf, Danyèl, epi Rit te asepte volonte Bondye. Yo te koube lavi yo devan otorite Bondye. Pou anpil moun, yo fè chwa yon chemen, men se lè l' twò ta yo vin konprann kibò chemen an mennen yo. « **Chemen ou kwè ki bon an, se li ki mennen tou dwat nan lanmò** » (Pwovèb 14.12). Ann gade yon lòt pasaj ankò. Se nan 2 Pyè 2.9–10 : « **Konsa, Bondye konnen ki jan pou L' delivre moun k'ap sèvi L' yo nan mitan eprèv. Men, Li kite mechan yo pou L' ka pini yo jou jijman an,** ¹⁰**sitou moun k'ap viv pou lachè ak tout egzijans li yo, moun k'ap meprize otorite Bondye a. Moun sa yo gen je chèch konsa, yo awogan. Yo pa menm pè pale pouwva yo ki nan syèl la mal.** » Pasaj sa a pale klè sou atitud Kore a nan jan li te leve kont otorite Moyiz.

Ou te mèt pa dakò, men tout moun oblije koube pafwa kanmenm. Ou te mèt pran yon moun ki rebèl nèt, l'ap koube devan kèk regleman ki genyen nan lavi sa a kanmenm. Yon moun k'ap jwe foutbòl bezwen jwe selon prensip jwèt la. Teren an genyen yon mezi ki fiks. Ou pa ka chanje sa. Kan yo pa konn varye nan gwo pandan match ap fèt. Donk, jwèt la genyen règ, epi jwè yo oblije swiv règ yo pou jwèt la ka mache.

Depi tout ekip la rete koube devan regleman yo, sa a se yon benefis pou ekip la. Ou p'ap janm wè yon moun ki antre nan estad la al mezire longè teren an anvan match kòmanse jwe. Ni yo pa oblije kanpe pou yo fè lekti tout regleman yo chak fwa yon match pral fèt. Tout jwè yo genyen devwa pou yo respekte sa ki te etabli deja kòm prensip jwèt la. Bagay yo etabli depi davans. Moun yo fèt pou konnen yo byen.

Se konsa lavi Kreyen an ye tou. Bondye atann nou pral soumèt devan otorite Li mete nan lavi nou yo. Benediksyon, pwòpte moral, epi viktya se rezilta a depi nou viv selon règ Bondye te etabli yo. Kore, paske li te fè rebèl, pa t' kapab viv bagay konsa. Men, jounen jodi a nou kapab bese tèt nou, nou kapab chase lògèy lakay nou, nou kapab koube devan Bondye epi soumèt devan lalwa, devan kòmandman Bondye yo. Nou kapab desann tèt nou devan Bondye epi devan legliz Kris la k'ap viv selon kòmandman yo ki nan Bib la. Se nan fason sa a n'ap kapab evite tonbe nan « fè rebèl kont Bondye » tankou Kore.



LAVIKTWA MATANT ANDRIZ

Mwen te monte yon bis yon lè. Chofè a se te yon gwo tonton. Li t'ap anrejistre kèk bagay konsènan travay la nan yon ti jounal pandan li t'ap tann pasajè yo monte pran plas yo. Karaktè li te mare. Depi ou gade l', ou tou konnen ou pa vle nan pwoblèm avèk li. Yon sèl kou, li fèmen ti jounal la POW ! Li vire gade dèyè pou li pale avèk pasajè a ki te chita bò kote m' lan.

Chofè a te fikse je l' sou ti nonm lan ki t'ap chofe kò l' kont fredyè a. Tout kò l' te mare nan yon gwo manto koulè mawon. Chofè a te pale di avèk nonm lan. Li di li konsa : « Genyen transèt (37) ane ki pase depi yon nonm te vòlè yon kòb pou mwen. Li te pran m' nan yon pèlen. Kounyeya, anvan yè, menm nèg la monte kòm chèf labank kote mwen genyen yon kont. Ou konnen sa m' fè ? »

Chofè a pa t' kontinye. Se kòm si li te vle tout moun sezi byen sa li tapral di. Lòt pasajè a t'ap gade kòm si li pa t' konprann pou ki rezon chofè t'ap pale avèk li. Chofè a repete : « Èske ou konnen sa m' te fè ? »

Pasajè a te oblije souke tèt li kounyeya. Li pa t' konnen vre.

Chofè a di : « Touswit mwen te fèmen kont mwen an. » Li te anvi eksite. Li vire mete de (2) men sou volan bis la, epi li fè yon bri pou netwaye gòj li. Apre sa li di : « Madanm mwen di mwen pa t' dwe kenbe nonm lan nan kè m' konsa. Men, kite m' di ou yon bagay ! Bank sa a p'ap manyen yon goud pou mwen toutotan nonm sa a ap travay andan ! »

Chofè a te vire gade m'. San li te cho. Apre sa li te ouvri pòt bis la pou lòt moun ankò te ka monte. Li te swiv moun yo pandan yo t'ap monte, men se klè lide li pa t' sou pasajè sa yo.

Pandan mwen t'ap kalkile sou sa ki te pase a, mwen te poze tèt mwen kèsyon. Kisa ki ta pouse yon moun kenbe yon lòt moun nan kè li pandan transèt (37) ane ? Epi poukisa yon moun ta fèmen yon kont nan yon bank paske Entèl vin travay nan bank lan ? Se lè sa a atò mwen te sonje Matant Andriz.

Matant Andriz te pèdi mari li bonè. Li te genyen transteyen (31) ane lè sa a. Se te nan menm epòk sa a li te sibi yon gwo tò. Yon moun te wonpe l' pou li sezi tout ti eritaj mari l' te kite pou li a. Se konsa sa te pase. Matant Andriz te pèdi tout bagay nan men yon nonm entèlijan, yon nonm san wont ki te rize anpil.

Èske Andriz te fache ? Èske li te kenbe nonm sa a nan kè li ? Jamè ! Li te twò

LAVIKTWA MATANT ANDRIZ

saj pou li kite kè li vin anmè. Anplis, li te renmen Bondye avèk tout kè li. Konsa, li pa t' nan rayi moun. Andriz te kontinye viv. Li te mache dwat ni nan kò li, ni nan lespri li, ni nan lavi esprityèl li tou... malgre sikonstans konplike a. Finalman li te jwenn yon djòb ap travay nan yon restoran. Matant Andriz te toujou souri fasil, epi se te karaktè li ki te lakòz anpil moun te renmen li. Yo te respekte li tou.

Annou di nonm lan ki te twonpe Andriz pou pran eritaj la nan men l' te rele Amòs. Se pa non li sa, men se konsa n'ap rele li. Enben, kòman sa te ye ant Andriz ak Amòs ? Lè yo te kontre youn lòt nan lari, Andriz te toujou salye Amòs byen pwòp. Li te fè ti pale avèk li. Nan sezon Nwèl, Andriz te konn fè bonbon, epi li te toujou voye yon valè bay fanmi Amòs. Li te konn envite yo vin legliz kote li te mache a. Li te konn priye pou fanmi an tou. Lè pitit gason Amòs la te lekòl, Matant Andriz te toujou konn felisite li pou bon kanè. Mesye te rele Edi. Lè moun te konn mande Andriz poukisa li fè konsa, li te annik fè yon ti souri, epi li di : « Bib la mande m' fè sa konsa. »

Pou anpil moun, Matant Andriz te egare. Si moun yo te konn pale oparavan, yo te pale pi rèd toujou apre yon bagay Andriz te fè pi devan. Amòs ak tout madanm li te fè yon aksidan nan machin. Yo toude te mouri nan aksidan an, epi konsa yo te kite Edi pou kont li. Se te Matant Andriz ki te resevwa tigason an lakay li kòm si se te pitit gason pa l'. Men sa ki pi dwòl : Lè Amòs te mouri, li pa t' gentan kite okenn eritaj pou Edi... malgre li te gentan sezi yon eritaj ki pa t' pou li. Men, sa pa t' deranje Andriz nonplis. Nan men Andriz, Edi te devni yon nonm tout sosyete a te respekte. Li te rive lwen lekòl tou.

Pi devan, Edi te deplase al viv yon lòt kote. Li t'ap mennen yon komès, epi li te reyisi ladan l'. Li pa t' janm yon nèg ki te genyen anpil renome, ni li pa t' janm rive alatèt yon gwo gwo antrepriz. Men, kanmenm, kote li abite a aktyèlman tout moun rekonèt li pou yon nonm k'ap reyisi nan nenpòt sa li eseye fè. Li fè anpil bagay pou kominote a. Li aktif nan legliz li a. Li se yon zouti nan men Bondye, epi



LAVIKTWA MATANT ANDRIZ

li ede moun jwenn sali nan Jezi Kris.

Tout sa, paske yon fanm enb te refize rete fache ak yon nonm ki te fè l' yon gwo tonton malonèt. Matant Andriz pa t' janm fè menm yon ti pa nan wout tire revanj lan. Okontrè, li te priye pou nonm lan ki te blese li. Li te aji byen avè l'. Avèk anpil renmen epi anpil sakrifis, li te leve pitit gason nonm lan pou li devni yon nonm serye nan Wayòm Bondye a.

Lè m' kalkile sou chofè bis la, mwen priye Bondye pou Li. Mwen priye pou tout moun ki tankou l', tout moun ki kenbe moun nan kè yo. Yo pa dakò lage rayisab sa a, malgre se rayisab sa a ki rann yo pi fèb dejouwanjou. Mwen priye Bondye pou moun sa yo tounen zouti nan men Li, konsa Bondye ap kapab itilize moun sa yo pou libere lòt moun ankò anba rayisab. Nan Jezi Kris, y'ap kapab fè li vre.

—G. V. Watkins

Tèks sa a sòti nan *The Gospel for the Youth*



Aktivite Timoun

REPONS

1. Klèb la te rele BON S A M A R I T E N.
2. Tit te kenbe yon bwat K A T O N nan men li.
3. Andan bwat katon an se te yon T I C H A T.
4. Pou li antre nan K L È B la, fòk Makès te pase nan yon prèv.
5. Makès te reyisi byen P W Ò P nan prèv la.
6. Makès te sezi pou wè li deja R E Y I S I.

	A	B	C	D	E	F	G	H	I
1	B	O	N		K	È			
2		A	K		P	I	T	Y	E



Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Kisa Verite A Ye ?

« Jezi reponn li : *Se Mwen menm ki Chemen an. Se Mwen menm ki Verite a, se Mwen menm ki Lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan Mwen.* » (Jan 14.6)

« **V**erite a ? Kisa li ye ? » Pilat te poze Jezi kèsyon sa a. N'ap viv nan yon epòk kote kèsyon sa a genyen yon enpòtans kapital. Genyen anpil konfizyon sou kisa ki vre epi kisa ki fo. Genyen plizyè ane ki pase depi yon otè te ekri fraz sa a : « Jodi a, nou bezwen asire nou sou kisa ki vre verite a. »

Li ta sanble lemond jounen jodi a bliye kisa verite a ye. Tout moun ta renmen wè yon chèf ki monte sou pouvwa ki bay verite a. Men, li ta sanble menm si yon moun sèman l'ap bay verite a, sa pa vle di anyen. Yo bay manti ak je chèch. Sijè verite a vin yon blag pou anpil moun. Tou dènyèman, nan peyi Etazini, genyen chèf ki vini ak yon nouvo fraz pou manti. Yo ta fè ou konnen yon manti se : « lòt verite a. » Nan lemond jodi a, plen bagay ki mwaye vre. Plen verite ki mele ak lòt bagay. Plen enfòmasyon ki fèt pou twonpe moun. Plen desepsyon ki fèt gwo lajounen. Donk, kisa verite a ye menm ?

Pou nou menm kwayan yo, se yon gran benediksyon dèske nou asire verite a te devwale pou nou deja nan Pawòl Bondye a. Jezi t'ap priye yon lè, epi Li te di konsa : « **Pawòl Ou se verite a** » (Jan 17.17b). Pawòl Bondye se verite tout bon. Jezi te di Li se Chemen an, Verite a, epi Lavi a. Jezi se te Verite a nan fòm yon moun. Se sa Li toujou ye. Verite a se lakay Li li ye. Men sa ki ekri nan Jan 1.17 : « **...se Jezikri ki fè nou konnen renmen Bondye a ansanm ak verite a.** »

Jodi a, nou kapab konnen avèk asirans kisa ki vre verite a. Depi nou angaje nou pou n' mache nan verite a, Bondye montre nou pi klè dejouwanjou kisa ki vre. « **N'a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou** » (Jan 8.32).

Nou gen yon bèl egzanp nan Bib la si nou vle wè yon moun ki te fè fas avèk verite a. Apòt Pòl te kontre avèk Jezi pandan li te nan wout pou li rive Damas. La a, Pòl te resevwa gras pou li leve atè a. Li te resevwa gras pou li obeye verite a. Depi moman sa a epi pou tout rès lavi li, Bondye te devwale pou Pòl ki travay Li t'ap ba li fè pou wayòm Li. Apòt Pòl te vin yon mesaj ki bay verite a. Li te beni anpil moun alepòk. Jounen jodi a, mesaj Pòl te ba yo se bagay ki enpòtan toujou.

Pa pè fè fas avèk verite a ; se verite a ki va louvri pòt pou ou viv yon lavi ki pote fwi.



SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Sèvi Legliz La

Leson 11b

OBSÈVASYON #6 : Don espiyèl yo diferan nan enpòtans ; nou dwe gen respè pou don sila yo ki bati legliz la.

Bondye bay don espiyèl yo pou plizyè rezon. Tout sa ki te nesè pou bati legliz la, se Bondye ki te genyen tout resous sa yo. Yon pati nan travay legliz la se te pou poze fondasyon an—sa te nesè nan kòmansman an. Pa egzanp, don apòt yo te genyen an se te don espesyal pou poze fondasyon an. Bondye te ba yo revelasyon e Li te mete siy espesyal nan men apòt yo. Pandan plizyè ane se apòt sa yo ki te gide legliz la. Apòt yo te anseye anpil alepòk epi yo te fè revelasyon tou, epi moun yo te

ekri anpil nan bagay sa yo sou papyè. Se ansèyman sa yo ak revelasyon sa yo ki fè pati Nouvo Testaman an. Ekriti sa yo kontinye sèvi regleman pou dirije lavi legliz la e lafwa legliz la. Nou kwè Bib La konplèt ; mesaj Levanjil la te « bay yon sèl fwa pou tout tan, pou tout moun pa l' yo » (Jid 3). Pou yon moun ajoute oubyen retire nan Levanjil la se yon erè ki genyen yon madichon dèyè l' (Galat 1.6–9).

Nan lèt li te voye bay moun Korent yo, Apòt Pòl te montre jan yo pa t' fè byen nan fason yo tout t'ap chache yon sèl don—yo te sanble yo tout t'ap chache pale lang plis pase tout lòt don yo. Pòl te ankouraje yo pou yo chache genyen don espirityèl sa yo ki bati legliz la pi byen. Men yo dwe chache don sa yo sèlman nan kontèks lamou sensè pou legliz la (Chapit 13), e pa pou enterè pèsònèl.

Kèsyon Pou Etid

1. Fè yon premye lis kote ou site tout rezon Bib la bay pou don espirityèl yo, ki vle di poukisa Bondye ba yo. Aprè sa, fè yon dezyèm lis kote ou site tout vye motivasyon ki konn pouse moun chache genyen don espirityèl yo e ki konn pouse moun egzèsè don espirityèl yo.
2. Fè lis don espirityèl nan 1 Korentyen 12 e rakonte kòman chak nan yo itil nan bati legliz la.
3. Kòman afè « kò » a ka ede chak moun pou li genyen yon bon konpreyansyon ekilibre sou afè don espirityèl yo ? Ki enpòtans imilite genyen nan egzèsè yon don espirityèl ?
4. Nan 1 Korentyen 14, Pòl konpare « pale langaj » ak « bay mesaj ki sòti nan Bondye. » Aprè « bay mesaj ki sòti nan Bondye », ki lòt don ankò ki nesesè pou kontinye bati legliz la ? Aprè « pale langaj, » ki lòt don ankò ki sèvi mwens oubyen ki sèvi pou okazyon espesyal sèlman ?

Se pou sa, frè m' yo, chwazi sèt gason pami nou ki gen bon repitasyon, ki anba pouvwa Sentespri, ki gen kont bon konprann sou yo. Na ba yo fè sèvis sa a. ⁴Konsa nou menm, na toujou bay tout tan nou pou lapriyè, ak pou fè moun konnen pawòl Bondye a (Travay 6.3–4).

Yon jou, yo t'ap fè sèvis pou Bondye, yo t'ap fè jèn, lè Sentespri di yo: Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a. ³Lè sa a, yo fè jèn, yo lapriyè, yo mete men sou tèt Banabas ak Sòl, epi yo kite yo ale (Travay 13.2–3).

OBSÈVASYON #7 : Yo mete kèk manm nan legliz la apa pou travay espesyal e pou reskonsabilite espesyal.

Nou te remake deja, apòt yo te travay pou poze fondasyon legliz la. Yo te bay tèt yo san rezèv e avèk sakrifis nan travay sa a. Pèsonn pa t' ka detounen yo nan travay sa a. Men, lè te gen bezwen pou distribiye bagay materyèl, apòt yo te wè travay distri-

bisyon sa a te pou lòt moun. Konsa yo te nonmen sèt (7) moun. Note byen, malgre yo te mete mesye sa yo apa pou administre bagay materyèl, kalifikasyon yo pa t' gen rapò ak bagay materyèl. Kalifikasyon yo te espirityèl. Moun sa yo te dwe genyen yon bon repitasyon. Yo te dwe plen avèk Sentespri. Yo te dwe moun ki genyen sajès.

Depi yo t'ap bay yon manm tèl responsabilite nan legliz la—sitou yon responsabilite kontinyèl—lidè legliz yo te bay manm sa yo yon chay espesyal. Se konsa yo te chwazi djak, ansyen, epi evanjelis (malgre Bib la pa di tout bagay sou ki metòd yo te anplwaye pou chwazi yo). Lidè legliz yo te poze men sou yo, sanble pou mande don espirityèl pou sila yo ki te chwazi a (gade 1 Timote 4.14). Moun yo te chwazi yo te genyen responsabilite pou sèvi fidèlman nan travay yo te mete yo a.

OBSÈVASYON #8 : Malgre yo pa t' preskri nan ki metòd pou nonmen manm nan tèl pozisyon, premye legliz la te itilize yon seri metòd ki te dakò ak prensip ki te la depi lontan.

Premyèman, moun yo te chwazi yo te bezwen posede karaktè ki dapre Bondye. Yo pa t' annik chwazi yo konsa konsa. Karaktè ki dapre Bondye kapab posib sèlman lè yon moun genyen matirite espirityèl. Epi, pou nonmen kandida ki genyen kalite sa yo, fòk genyen bon jijman ki fèt epi fòk genyen lidèchip ki solid.

Dezyèmman, sanble tout legliz la te genyen pati pa yo nan metòd yo te chwazi yo. Apòt yo pa t' annik plake sèt (7) mesye pou « bay moun manje ». Yo te fè legliz la patisipe nan chwa a, epi yo te chwazi pami mesye yo ki te nan asanble kwayan yo e ki te gentan ap swiv ansèyman apòt yo depi lontan.

Twazyèmman, yo te lapriyè, fè jèn, e mande Senyè a pou direksyon nan chwa sa yo. Se pandan lidè Antyòch yo t'ap lapriyè e fè jèn yo te vin konprann Senyè a te vle mete Pòl e Banabas apa pou travay evanjelizasyon. Pòl e Banabas te fè jèn e lapriyè lè yo te òdone lidè nan kongregasyon yo te fèk etabli yo (gade Travay 14.23). Se pa kandida yo ki te chache pozisyon sa a pou tèt pa yo. Pozisyon nan legliz pa dwe janm yon bagay moun kraze kò yo ap chache. Òdinasyon pou fè yon ministè pa dwe janm devni yon bagay politik kote chak pati ap pouse kandida pa l'. Ni tou, li pa dwe janm yon sityasyon kote se fanmi ki enfluiyan k'ap pouse pwòp kandida pa l'. Epi òdinasyon pou fè yon ministè pa dwe fèt selon ki moun ki pale pi fò (ki anvi fache si kandida pa l' pa pase). Se pa sa ditou. Ministè nan legliz se yon apèl Bondye li ye. Moun ki antre nan ministè dwe fè l' avèk imilite, avèk lamou pou legliz la, epi avèk respè pou Bondye.

OBSÈVASYON #9 : Yon vrè apèl pou tèl ministè ap konfime pamwayen legliz la.

Pòl te gentan resevwa apèl pou l' sèvi apòt pou moun ki pa Jwif yo nan menm jou li te rankontre Senyè a sou wout Damas. Li te kòmanse temwaye sou gras Senyè a (kontinye nan paj 20)

ISTWA BIBLIK

PITIT FI JAYIRIS LA AK YON FANM DEZESPERE

Lavi ak Sante Retabli

Yon jou, yon papa twouble ki rele Jayiris te fofile kò li nan yon gwo foul bò lanmè Galile a. Li te jwenn Jezi epi li te mete ajenou nan pye Li. « Pitit fi douzan mwen an prèt pou mouri, » li te kriye. « Tanpri, vin geri li. »

Kè Jezi te touche. Gade Jayiris, yon chèf sinagòg Jwif yo, ap mete ajenou byen ba devan Li. Sanble li te renmen pitit fi li a anpil !

Pandan Jezi te vire pou L'ale lakay Jayiris la Li te vin kanpe. Li te mande, « Kiyès ki te touche Mwen ? » pandan Li t'ap gade otou Li.

Disip Jezi yo te gade Li ak etònman. « Kisa ou vle di ? » yo te reponn. « Moun yo toujou ap kwense ou ! »

Konsa yon fanm ki t'ap tranble ak perèz te vin mete ajenou nan pye Jezi. Fanm sa a te deja depanse anpil lajan pou maladi li a. Li te esplikè : « Lè mwen te wè Ou mwen te di : « Si mwen ta sèlman touche rad Ou, mwen ta geri ! » »

Jezi te di li jantiman : « Pitit fi Mwen, lafwa ou geri ou. Ale ak kè poze epi rejwi nan gerizon ou. »

Pandan Jezi t'ap pale ak li toujou, yon mesaj te rive. Li di Jayiris, « Pitit fi ou la mouri, Ou pa bezwen nwi Mèt la ankò. » Kè Jayiris te kraze nèt !

Men Jezi te rasire li ak mo sa yo : « Pa pè. Sèlman kontinye kwè. »

Pandan ti gwoup la t'ap pwoche bò kay Jayiris la, yo te tandè rèl anpil moun ki t'ap kriye epi jemi. Menm kote a Jezi te fè yo fèmèn bouch yo. « Poukisa n'ap fè bri konsa ? » Li te mande. « Tifi a pa mouri. L'ap sèlman dòmi. »

Moun yo te gade Jezi dwòl. Plizyè ladan yo t'ap pale nan zòrèy youn lòt epi yo pete ri pou pase Li nan rizib. « Al gade pou wè, » yo te di.

Byen fèm, Jezi te pase moun yo lòd pou yo kite kay la. Li te sèlman pèmèt Pyè, Jak e Jan pou rete ak Li ansanm ak paran ki te nan lapenn yo. Konsa Jezi te antre ak anpil respè nan chanm tifi a. Li te pran men li epi Li te di : « Tifi, leve ! »

Imedyatman tifi a te leve epi te kòmanse mache. Ala paran yo te etone e chaje ak kè kontan ! Yo pa t' jwenn mo pou yo te di Jezi mèsi.

Matye 9.18–26 ; Mak 5.22–43



Jezi resisite pitit fi Jayiris la.

Se Mwen menm ki leve moun mouri yo, se Mwen menm ki bay lavi. (Jan 11.25)

1. Poukisa fanm lan te touche rad Jezi ?
2. Lè Jayiris te tandè pitit fi li a te mouri, kisa Jezi te di li ?
3. Kisa Jezi te di tifi ki te mouri a ?

Itilize avèk pèmasyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : *101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La* © 1994

imedyatman aprè batèm li, e li te tou pare pou pale ak ni kwayan ni enkwayan. Men, òdinasyon li pou fè wout kòm yon evanjelis te vini plizyè lanne pita (pou pi piti se te dizan pita, petèt katòzan). Konsa, pandan apèl li te vini pèsònèlman nan men Senyè a, komisyon li te vini pamwayen legliz la.

Sila yo ki santi apèl Senyè a pou sèvi nan legliz la dwe mete konfyans nan Senyè a pou revele bagay la bay legliz la tou. Plizyè pèsònaj nan Bib la fè nou wè pwoblèm ki genyen lè yon moun pran devan Bondye. Konsa tou, lòt egzanp montre ki jan li bon pou yon moun tann Senyè a pito. Kòm egzanp, konsidere Moyiz e David ki te pase plizyè ane nan preparasyon aprè yo te gentan resevwa apèl la pou tèl travay. Epi Pòl te pase dezan nan dezè a, e plis ane toujou nan Tas anvan li te resevwa komisyon an. Nan tann Senyè a epi nan onore direksyon legliz la, Pòl te vin yon sèvitè fidèl.

Kèsyon Pou Etid

1. Fè lis tout kalifikasyon yo site pou sila yo ki tapral sèvi nan distribisyon manje selon Travay chapit 6, e di kòman chak kalifikasyon te nesèsè pou travay mesye yo te dwe fè.
2. Esplike fonksyon mesye sa yo nan pi bon fason ou kapab selon tèks la. Èske legliz la bezwen moun konsa pou sèvi l' jodi a ?
3. Ki travay apòt yo pa t' vle neglijè ? Ki pwoblèm ki ta genyen si apòt yo te neglijè travay pa yo a ?
4. Ki siyifikasyon fraz la ki di : « yo t'ap fè sèvis pou Bondye » (Travay 13.2).
5. Etidye okazyon nan liv Travay kote yo te fè òdinasyon (gade chapit 1, 6 e 13). Ki metòd yo te itilize ? Ki prensip yo te obsève ? Pou ki pozisyon yo t'ap chache moun ?

Se pa yon sèl manm ki fè yon kò. Se anpil manm ki fè yon kò. Si pye te ka di : Paske se pa yon men mwen ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a vre.... Nan kondisyon sa a, grenn zye a pa ka di men an : Mwen pa bezwen ou. Tèt la pa di pye yo : Mwen pa bezwen nou.... Konsa, pa gen divizyon nan kò a. Men tout manm yo youn pran swen lòt menm jan an. Si yon manm nan kò a ap souffri, tout lòt yo ap souffri avè l' tou. Si yon manm resevwa lwanj, tout lòt yo kontan avèk li (1 Kòrentyen 12:14, 15, 21, 25, 26).

OBSÈVASYON #10 : Nou pa swiv Jezi pou kont nou ; chak manm bezwen legliz la pou fòs, sajès e nouriti espirityèl.

Yon lòt pwèn enpòtan pou n' konsidere nan sèvis nan legliz la se fason chak manm bezwen sèvis lòt manm yo. Menm jan yon men, yon pye, e nenpòt lòt manm nan kò natirèl la pa ka fonksyonne san kò a, se konsa Kreyen an pa janm ka viv lavi li tou

separe ak fratènite a. Kèkfwa genyen Kreyen ki adopte yon seri lide ki bon pou tèt yo ase. Lide sa yo va kreye yon separasyon ak asanble a, epi pi devan pral fè yo tou kite asanble a. Pafwa aksyon endepandan sa yo epi atitid meprizan konn vini poutèt move esperyans moun lan te fè—petèt moun lan te sibi yon kou (yon wont, yon desepsyon, elatriye) nan legliz la. Oubyen, petèt yo remake kèk fason lòt manm yo (oubyen gwoup la) pa fidèl.

Verite a se ke Bondye pa janm genyen entansyon pou okenn manm devni legliz la li menm (legliz se yon asanble, se pa antrepriz prive yon moun). Depi yon manm enkyete pou yon lòt manm oubyen pou tout gwoup la, li dwe konprann limitasyon li pou fin konprann ka yo nèt. Se yon sèl moun li ye— li bezwen frè ak sè li yo pou wè kèsyon an pi byen, li bezwen fòs ki sòti nan inite avèk yo pou kanpe kont Satan e lemond, epi li bezwen nouriti lòt yo pou l' grandi byen. Asosyasyon ak lòt manm yo, frè ak sè nan kò Kris la, ede manm yo anpil nan fòmasyon e devlopman lavi espirityèl yo. Asosyasyon sa a va ba yo ankourajman. Li va fè yo travay ansanm. Li va ede yo soumèt youn devan lòt. Li va ede yo youn ede lòt. Okenn manm pa ka reziste espirityèlman san li pa genyen èd sa a.

Nenpòt lè yon manm genyen lide oubyen plan ki mete li nan opozisyon ak legliz la, oubyen ki fè li tonbe kritike legliz la e aji yon fason endepandan, manm sa a gentan bliye ki jan li gen bezwen rès kò a. Anplis, si li pa soumèt anba bezwen li genyen pou frè ak sè yo, li pa kapab yon vrè sèvitè.

Kèsyon Pou Etid

1. Gade kèsyon yo ki te poze nan 1 Korentyen 12.15–20. Yo se kèsyon pou fè moun panse, men ki repons ou ta bay pou yo chak ?
2. Ki pwoblèm ki ta genyen si yon manm nan kò fizik la ta eseye aji endepandan ? Nan konparezon, ki efè yon manm legliz la k'ap aji endepandan ?
3. Lè nou konpare kò fizik la ak legliz la, sa ede nou konprann. Kòman li ede nou konprann swen chak manm gen bezwen ? Kòman li ede nou konprann fòs ki genyen lakay chak manm ?
4. Kòman fason yon gwoup travay ansanm genyen efè sou chak grenn manm ? Kòman mank kolaborasyon yon grenn manm genyen efè sou gwoup la ?
5. Nonmen kèk divizyon ki te egziste nan legliz Korent la ? Kòman ansèyman nan 1 Korentyen 12 pale sou pwoblèm ki mennen nan divizyon ?

METE LEKRITI AN PRATIK

1. Ki atitid ki enpòtan pou sèvi lòt moun ? Kòman nou kapab devlope atitid sa yo ? Kisa nou ta dwe fè lè nou remake move atitid nan lòt moun nan legliz la ?

2. Kisa ki montre si yon moun ap sèvi nan fòs lachè olye nan pisans Sentespri ? Kisa yon pastè dwe fè lè li remake yon manm k'ap eseye sèvi nan fòs lachè ? Kisa yon manm dwe fè lè li remake yon pastè k'ap eseye sèvi nan fòs lachè ?
3. Nonmen kèk bagay moun pa konprann byen sou don espiritiyèl. Kòman pou nou bay tèt nou volontèman nan men Sentespri a jouk Li ka fè nenpòt sa Li vle avèk nou, men anmenmtan pou nou evite tonbe swiv emosyon nou yo ?
4. Ki diferans ki genyen ant òdone e komisyonnen ? Ki benefis ki kapab genyen lè legliz komisyonnen yon manm pou yon sèvis espesyal ?
5. Ki jan legliz la kapab fè chak manm patisipe plis nan travay la ? Èske genyen lòt kalite sèvis toujou ke nou ta dwe konsidere ? Ki rezilta ki ka genyen pou yon manm ki pa genyen okenn travay espesyal pou li fè ? Site kèk fason yon manm kapab ede frè ak sè li yo san se pa legliz la ki komisyonnen l' pou tach sa a egzakteman ?
6. Ki bezwen tout kongregasyon yo genyen jodi a ? Kòman manm yo kapab ap satisfè bezwen sa yo ? Kòman kèkfwa moun eseye sèvi lòt moun lè sèvis yo pa nesèsè ? Èske ou kapab ede yon moun ki pa vle èd ? Èske ou kapab ede yon moun san moun lan pa konnen sa ?
7. Èske chak moun genyen yon don espiritiyèl ? Si se wi, èske don sa a se pou tout lavi li ? Èske se nan fason sa a moun nan ap sèvi legliz la nenpòt kote li ye ? Oubyen, èske Sentespri a bay don selon bezwen ki genyen nan yon tan e yon kote espesyal ? Èske li nesèsè pou konnen egzakteman ki don chak moun genyen ? Ki danje ki genyen lè ou konsantre sèlman sou don ou genyen olye pou ou konsantre sou bezwen aktyèl legliz la ? Ki danje ki genyen lè ou konsantre sèlman sou bezwen aktyèl legliz la pandan ou inyore si ou genyen don pou fè fas ak bezwen sa a ?
8. Ki bagay ki ka montre si yon manm nan legliz nou an genyen yon lespri endepandan ? Kisa ki rive lè yon manm deside li pa bezwen lide oubyen èd legliz la oubyen lè li toujou ap kritike legliz la ? Ki kalite yon manm legliz oblije genyen si li oblije pale sou bagay nan legliz la epi li pa tèlman dakò avè l' ? Èske li posib pou sitèlman mete aksan sou legliz la kòm yon sèl kò ke manm endividiyèl yo pa jwenn sa yo bezwen ? Kisa ki rive lè genyen twòp aksan sou bezwen tout gwoup la e sou desizyon tout gwoup la an jeneral ?

(liv sa a va kontinye nan pwòchèn edisyon an)

—John Coblenz
 Itilize avèk pèmasyon : Christian Light Publications, Inc
 Harrisonburg, VA Ozetazini
 Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Jan, Yon Evanjelis

Se te Anperè Domisyen ki te Egzile L' sou Zile Patmos, se te nan Lanne 97

Jan se te yon apòt epi li te yon evanjelis. Li te pitit gason Zebede, epi li te frè Jak. Jan te fèt Nazarèt, epi metye li se te peche pwason (Matye 4.21). Kris te rele Jan pandan li t'ap repare privye ansanm ak papa l' epi ak frè l' (v. 22). Depi li tandè apèl Jezi a, Jan te annik leve kite privye a, kannòt la, e papa li. Li menm ak Jak te kite tout pou yo swiv Kris.

Jan te youn pami disip yo ki t'ap swiv Jezi. Li te devni yon apòt. Li te fè pati douz (12) moun yo Senyè a te chwazi pou sèvis espesyal (Matye 10.2).

Senyè a te renmen Jan anpil. Pandan yo te bò tab, se te Jan ki te konn chita kòtakòt avèk Jezi (Matye 13.23). Li te panche bò zòrèy Jezi lè yo t'ap manje ansanm dènye fwa a (Matye 21.20). Nou wè Senyè a te asepte Jan kòm youn pami twa (3) disip yo ki te pi espesyal pou Li, pi pwòch. Jan te asiste yon seri bagay ki te pèmèt li temwaye sou ki travay Kris te fè. Li te la pou wè Jezi ap souffri nan Jaden Jetsemane a (Matye 26.36). Li te la lè Jezi te leve pitit fi Jayiris la (Lik 8.51). Lè Jezi te transfòme sou tèt mòn lan, lè figi Li te vin klere epi rad Li yo te blanch tankou limyè, Jan te la pou asiste sa tou (Matye 17.1-4).

Poutèt amou Li te genyen pou Jezi, Jan te swiv Senyè a lè chèf yo te antre lakay Kayif avèk Li. Li te swiv Li rive sou mòn Kalvè andeyò lavil Jerizalèm kote yo te touye Li. Se te la a, pandan Senyè a te pandye sou kwa a, Li te fè aranjman pou Jan pran manman Li lakay li. Li te fè manman L' konnen Jan se pitit li kounyeya, epi Li te di Jan konsa : « **Men manman ou** » (Jan 19.27).

Jan te sitèlman santi yon chalè apre li te fin pran nouèl rezirèksyon an, li te kouri ale nan kavo a, epi nan kouri rapid la li te kite Pyè dèyè nèt. Sa montre nou kijan Jan te renmen Senyè a ki te mouri tou lèd devan je li, ki te mouri tou izole paske tout zanmi Li yo te abandone Li (Jan 20.4).

Se te kèk ane apre sa Jan te chita ekri liv Levanjil li a. Li te ekri li pou l' te ka demanti yon seri erè de (2) moun t'ap simen. Moun sa yo se te *Ebion* epi *Cerinthus*. Yo t'ap di Jezi pa t' Bondye. Men kijan Jan te chwazi derape liv Levanjil pa li a :

« *Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. ²Pawòl la te la avèk Bondye depi nan kòmansman an. ³Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pa t' gen anyen ki te fèt san Pawòl la. ¹⁴Pawòl la tounen moun...* » (Jan 1.1–14). Nan pasaj sa a, Jan ede nou konprann kijan sa te ye lè Pitit Bondye a te pran fòm moun pou Li vini sou latè. Se pou Li tout lwanj epi tout glwa pou toutan ! Amèn !

Nan liv levanjil li te ekri a, Jan pa site pwòp non pa li a. Lè li vle pale sou tèt li, li toujou di li se disip: « *...Jezi te renmen an* » (Jan 13.23 ; 20.2 ; 21.20). Senyè a te genyen yon amou espesyal pou Jan.

Men, dèske se volonte Bondye pou Li pèmèt pitit Li yo pase anpil tribilasyon ak touman pou yo rive nan glwa Bondye a, bon zanmi sa a pa t'ap chape anba traka. Pandan tout rès lavi li, Jan te pase anba prèv. Li te souffri, menm jan Senyè a te deja esplike pou li : « *N'a bwè nan menm gode Mwen pral bwè a, epi n'a resevwa menm batèm Mwen pral resevwa a* » (Mak 10.39). Avèk pawòl sa a, Jezi t'ap fè Jan konnen li pral souffri epi li pral sibi traka menm jan ak Kris.

Pi devan, bagay sa yo te reyalize vre nan lavi Jan. Gen ansyen dokiman ki ta fè nou konprann yo te jete Jan nan yon lwil tou cho pandan li te lavil Wòm. Selon istwa a, Bondye te delivre li anba bagay sa a. Nou pa fin konnen si istwa sa a se vre. Men, gen bagay Bib la ban nou byen klè. Nou konnen byen Jan te pase anpil tan sou yon zile ki te tankou yon dezè. Yo te rele l' Patmos. Chèf yo te voye Jan souffri la pou kont li kòm



pinisyon dèske li t'ap plede temwaye pou Jezi Kris. Men kisa Jan te ekri pou tèt pa li sou bagay sa yo : « *Mwen menm, Jan, mwen se frè nou. M'ap pataje tout bagay ak nou, kit se soufrans nou, kit se gouvènman Bondye ki wa a, kit se pasyans Jezi ban nou an. Yo te ban mwen yon*

zile yo rele Patmos pou prizon paske mwen t'ap fè konnen pawòl Bondye a ansanm ak verite Jezi te montre a » (Revelasyon 1.9).

Kilès ki te voye li sou zile a epi nan ki kontèks yo te voye li se bagay ki pa ekri nan Bib la. Sèl sa nou konnen, yo te egzile li paske li t'ap pale Pawòl Bondye. Men, genyen ansyen dokiman ki deklare se te Anperè Domisyen ki te voye Jan sou zile a nan lanne 97 anviwon. Anperè a te fache ak Jan paske Jan t'ap preche Pawòl Bondye a, paske li t'ap di Jezi se Pitit Bondye a. Se pou rezon sa a Domisyen te kondane Jan pou li soufri sou zile a.

Zile Patmos la sitiye nan mitan lanmè Mediterane. Konsa, li sitiye ant Azi ak Lagrès. Gen anviwon 250 kilomèt ki separe l' avèk Jerizalèm, nan direksyon nòdwès. Sou zile sa a, Jan te izole. Ta sanble li te prèske pou kont li nèt ale. Ansanm avè l' sou zile a te genyen yon seri bèt ki te ka touye l' si yo te mòde li. Men, Bondye te avèk Jan nan sityasyon difisil sa a. Li te konsole l'. Se pandan Jan te pou kont li nan vye sityasyon sa a Bondye te devwale bèl revelasyon, yon seri bèl lide konsènan syèl la epi kondisyon legliz la nan dènye tan yo.


Se te la a, sou zile a, Jan te ekri liv Revelasyon an (Apokalips). Se yon gwo liv enpòtan. Li chaje pwofesi ki sòti nan syèl la epi ki vre. Jan t'ap ekri sou sa Bondye te fè li wè nan vizyon, nan rèv. Genyen nan pwofesi yo ki fin akonpli deja jounen jodi a. Genyen lòt ankò ki pi devan toujou.

Pandan jou a t'ap avanse pou Jan delivre anba traka lavi sa a, Senyè a te pale avè l' sou zile a. Li te di : « ***Wi, M'ap vin talè konsa ! Amen.*** » Avèk nanm li tou an repo, Jan te reponn : « ***Vini non, Senyè Jezi !*** » (Revelasyon 22.20).

Lè Anperè Domisyen te mouri, se te *Nerva* ki te pran plas li. Yo te delivre Jan lè sa a, epi yo te voye l' nan lavil Efèz kote li te deja jwe wòl pastè nan legliz la. Selon istwa yo, sa te fèt nan lanne 99. Donk, ta sanble Jan te fè dezan (2) sou zile a. Ansyen dokiman yo fè nou konprann Jan te soufri anpil lòt bagay ankò apre sa, pou non Kris la. Sanble yo te fòse li bwè pwazon, men pwazon an pa t' fè li anyen paske Kris te avèk li. Alafen, Jan te mouri nan lapè pandan li te toujou nan lavil Efèz. Se te pandan Anperè *Trajan* te sou pouvwa. Sa vle di Jan te pase senkanteyen (51) ane nan sèvis Bòn Nouvèl la. Li te genyen katreven (80) ane sou tèl li lè li te mouri. Jan te devwe pou Jezi Kris, epi limyè li te klere byen... sou kontinan Azi epi sou tout latè.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror (Glas Mati yo)*.





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Premye Pitit Gason An

Chapit 3c

Sara te pale ak frè sè li yo. Li di yo : « Fòk nou kite isi a nan blòk 8:45 konsa, pou n' ka gentan rive lakay nou anvan nevè. Konsa nou genyen inèdtan edmi pou n' pase avèk jenn yo. » Sara t'ap sonje byen kijan vizaj paran li yo te devwale yon enkyetid lè yo te di timoun yo orevwa. Konsa, li te vle sèten yo pa rive lakay anreta.

Jak te anvi rete plis paske li te sitèlman kontan. Li di : « Petèt nou te ka rete yon ti kras anplis si nou mache byen vit pou rive lakay. »

Yo youn pa t' imajine kòman inèdtan edmi sa a tapral kouri. Konsa tou, yo pa t' konnen tout bèl aktivite timoun Benndè yo te gentan planifye pou sware a. Jenn yo nan *Germantown* te abitye reyini ansanm nan lekòl la, petèt Samdi swa osinon

Dimanch apremidi. Men, pou yo reyini ansanm lakay yon moun, epi pou yo fè l' pandan lasemenn, se te yon esperyans tou nèf pou jenn sa yo. Timoun Djonn Yodè yo pa t' janm fè yon bagay konsa oparavan. Se te menm bagay pou tout lòt jenn *Germantown* yo ki te la avèk yo.

Genyen nan yo ki te parèt sou charyo dèyè cheval. Genyen ki te vini apye. Genyen lòt ankò ki te vini sou cheval menm. Pifò nan gwoup la te la lè timoun Yodè yo te rive. Gason yo t'ap ri byen fò ansanm. Blag yo t'ap koule tankou dlo pandan yo t'ap eseye amize youn lòt. Mesye Benndè te gen yon aparèy ki pèmèt yo fabrike krèm glase, yon kalite frizè espesyal pou sa. Fòk moun yo te plede vire manch bagay la pandan yon bon valè tan pou krèm lan ka vin bon. Konsa, gason yo te fini avèk premye bokit krèm lan epi yo te prèt pou derape yon dezyèm. Medam yo te parèt kounyeya pou ede tou. Kè yo te kontan pandan yo te vide ti glas avèk yon ti sèl sou tèt aparèy la pou ede krèm lan kwit byen. Se te gason yo, youn apre lòt, ki t'ap fè kou nan vire aparèy la. Li te nan blòk 8:00 lè yo te fini avèk krèm lan.

Jakòb Benndè di konsa : « Kounyeya, ann fè kèk ti jwèt pandan n'ap tann krèm lan vin pi solid. » Li te deja mete anpil glas bò kote krèm lan paske se konsa pou l' vin pwès.

Jak te pale dousman nan zòrèy Jakòb : « Nou bezwen rive lakay nou anvan nevè, tandè ? » Sa vle di, yo pa t' menm rete inèdtan ankò, epi Jak te vle fè sèten yo pa oblije ale san yo pa patisipe nan krèm lan.

Jakòb te sezi. Li di : « Nevè ! Poukisa ou oblije ale bonè konsa ? Èske genyen lòt moun ankò ki genyen yon lè pou yo kite isi a ? »

Plizyè lòt jenn te di yo te sipoze kite nan blòk nevè osinon nevè trant konsa, pou pi ta. Genyen lòt ki te di se anvan dizè yo bezwen ale. Se detwa ase ki te di konsa : « Nou pa gen yon lè fiks. Lè nou lage, se lè sa nou prale lakay. »

Jenn *Germantown* yo t'ap youn gadè lòt kounyeya. Yo pa t' fasil fè jwèt ansanm, epi yo te enterese pou wè ki jwèt Benndè yo tapral prezante. Dèske moun yo pa t' ofri okenn lide, se te timoun Benndè yo ki te chwazi detwa jwèt. Kè moun yo te kontan. Yo t'ap ri fasil, epi tout moun te byen amize nan jwèt yo. Se te 8:30 lè yo te separe krèm lan pou tout moun te ka bwè. Konsa konsa, Sara te pantan lè l' wè te rete di minit ase pou li nevè.

Sara te pale avèk frè l' ki te chita bò kote li : « Li nevè mwen dis. Fòk nou ale. »

Lè Jakòb te remake twa (3) timoun Djonn Yodè yo t'ap ranje kò yo pou yo ale, li te gen chagren. Li di : « Monchè ! Lè a te kouri sou nou ! »

Sara te souri pandan li te reponn : « Se vre wi. Se te yon plezi. » Apre sa, li te vire gade Madanm Woubenn ki t'ap antre kote yo te ye a. Li di : « Mèsi anpil dèske ou te envite nou. Nou byen kontan. »

Jakòb te ouvri pòt devan an pou yo te kapab sòti nan kay la. Ankò, Sara te fè yon fason pou li sòti an dènye. Jakòb te sòti deyò ansanm avèk yo.

Jakòb di : « Tanpri, pa kite twòp jou pase anvan nou retounen. Epi, yon pwochèn fwa mwen swete nou pa oblije kouri ale si bonè. »

Avèk bon politès, Sara te reponn : « Mèsi. » Li te santi li pa vle ale. Men li te fòse janbe galeri a kanmenm.

Pandan Jak t'ap travèse lakou a devan kay la, li vire dèyè epi li di : « Epi nou tout ka vini lakay nou vin vizite nou tou. N'ap tann nou. »

Jakòb t'ap mache bò kote Sara kounyeya. Pandan l'ap fè sa, li di konsa : « O, n'ap fè sa. Kite m' rive bò lari a ansanm avèk nou. Gen kèk wòch nan lakou a, epi mwen pa vle nou frape pye nou. M' regrèt mwen pa gen lanp pou klere pou nou. »

Sara te mache pi vit pou li rive jwenn Lora ak Jak ki te devan. Pandan li t'ap fè sa, pye l' te glise sou yon wòch swa. Li manke tonbe. Se te Jakòb ki te kouri soutni li. San bat yon je li di : « Fèt atansyon madmwazèl ! Ban m' ede ou. » Pandan li te ede Sara jwenn ekilib ankò, li di konsa : « Mwen swete m'ap jwenn okazyon fè sa pou ou ankò yon jou. Mwen pa ta kontan si ou tonbe. »

Kounyeya Jak te vire gade dèyè. Li di : « Sara ! W'ap vini ? »

Sara te reponn tou bouke. « Wi m'ap vini. » Li te byen kontan yo te nan fènwa. Si Jak te wè kòman vizaj li te gentan chanje koulè, sa t'ap yon pwoblèm pou li.

Kounya Jakòb te pale pou esplike sityasyon an. Li fè l' tounen yon blag : « Jenn madmwazèl la te manke tonbe, epi frè li te byen lwen devan. Li pa t' la pou ede l' ditou. Se te yon lòt jenn prens ki te parèt pou sekoure madmwazèl. »

Jakòb te vire gade Sara ankò. Li di : « Tanpri, vin wè nou ankò. » Pandan Sara t'ap rive kote Lora ak Jak te ye a, Jakòb di konsa : « Fòk mwen retounen nan kay la. »

Panse yo ki te nan tèt Sara t'ap vole agòch adwat pandan yo t'ap kouri pou rive lakay. Ki mesaj Jakòb t'ap fè pase dèske li te bay Sara tout atansyon sa a ? Kè Sara t'ap bat pi vit kounyeya. Li te konn chita reveye yon jenn gason ki ta parèt pou li.

Èske se te Jakòb ? Kijan li pral konnen si Jakòb t'ap eseye ouvri yon pòt pou yo jwenn ansanm ?

Manman ak Papa timoun yo t'ap tann yo nan salon an. Touletwa timoun yo te vole antre nan kay la ansanm tou bouke. Se kouri yo te kouri nan wout la pou yo te ka asire yo pa anreta. Yo pa t' vle depase lè a Papa te fikse pou yo.

Lora te pale tou bouke : « Se te mèveye. » Je l' yo t'ap klere kòm prèv kè li te kontan vre.

Jak te dakò tou : « Wi, sa te bon anpil. Fanmi Benndè se yon fanmi ki byen ouvè. Yo bon moun anpil. Mwen panse y'ap bon vwazen pou nou. »

Lora te cho pou li pale toujou : « Epi n'ap kapab ansanm souvan pou n' jwe konsa. »

Pandan tout tan sa a, Sara te rete bouch pe. Apre lòt timoun yo te kalme tikras, Papa te mande yo : « Enben, kisa nou te fè ki te sitèlman enteresan konsa pou nou ? »

Jak te pale anvan : « Dabò, nou t'ap fè krèm. Epi apre sa... »

Lora te di : « Nou te fè yon seri ti jwèt. Epi... »

Papa tonbe ri. Li di : « Tann ! Fè yon ti tann, pitit mwen yo. Mwen pa ka tandè nou si n'ap pale tout ansanm. »

Lora te montre yon ti pasyans pandan li kite Jak pale : « Nou te bwè krèm lan nan blòk 8:30 konsa. Men anvan, nou te fè kèk ti jwèt pandan nou t'ap tann krèm lan vin pi pwès. »

Lora te ajoute : « Lè nou t'ap kite, tout lòt yo te rete ap jwe toujou. Se te nou menm ase ki te oblije ale bonè konsa. Tout rèz jenn yo te rete la ap jwe ansanm jouk pita nèt. »

Papa di konsa : « Enben, mwen byen kontan sa te bon pou nou. » Men, li pa t'ap souri ankò. Kounyeya vizaj li te montre li deranje.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



Yon Prèv lanrwit

Simon ak Woubenn te rete kanpe lè yo te wè Makès ki t'ap kouri vini. Yo tout te nan wout pou rive lakay yo apre yon jounen lekòl.

Makès te choute yon ti wòch ak pye l' jan timoun toujou renmen fè. Apre sa, li vire gade Simon : « Kijan m' kapab fè pati Klèb Bon Samariten an ? Kisa pou m' fè ? »

Simon te reponn : « Si ou enterese, nou kapab pale avèk lòt yo sou sa... Andre, Tit, epi Molyè. Se nou tout ki fè pati klèb la. »

Makès di konsa : « Aaa. Poukisa nou pa tou di m' ki kalite bagay m'ap bezwen fè pou m' antre nan klèb la. »

Simon di : « Nou pa kapab devwale okenn enfòmasyon sou kisa moun bezwen fè pou yo antre nan klèb la. Se prensip. »

Nan demen, Andre te kontre avèk Makès. Li di l' konsa : « Nou menm ki se manm nan Klèb Bon Samariten an, nou dakò pase ou nan prèv pou wè si ou kalifye

pou fè pati klèb la. Epi, genyen yon lòt bagay ankò. Pou ou antre nan klèb sa a, fòk papa ou dakò toudabò. »

Menm jou swa sa a, Makès te pale avèk papa l'. Men sa papa l' te mande li : « Ki kalite klèb sa ye ? Kisa yo fè ? »

Makès te esplike : « Anviwon de (2) fwa chak mwa, mesye yo travay pou ede yon moun. Andre te di m' yon lè yo te ede yon granmoun pentire devan kay li a. Moun lan te peye yo twasan (300) goud pou travay la. Avèk twasan (300) goud sa a, mesye yo te achte yon liv lekòl pou yon timoun ki te malad. Epi, pandan plizyè fwa yo te netwaye lakou Madanm Jan, malgre li pa ba yo anyen pou sa. »

« Sa sanble yon bon klèb. Mwen ba ou pèmisyon antre ladan li. »

Makès te kontan. Li di : « Mèsi, Papa ! »

Kounyeya, se te prèv la sèlman ki te rete Makès. Avèk tout kè l', li te anvi reyisi.

Demen, pandan yo te nan wout pou ale lekòl, Simon te bay Makès nouvèl sa a : « Prèv la va fèt aswè a apre solèy la kouche. »

Makès di : « Nan fènwa a ? Ki kote m' dwe ale ? »

Simon reponn : « W'ap vin jwenn nou nan lakou legliz la. Pa mache ak okenn limyè, tande ? Menm alimèt pa ladann. »

Kou li vin lannwit, Makès te kite lakay li a. Fènwa a te pwès anpil. Li te santi li soulaje lè l' jwenn zanmi li yo ap tann li nan lakou a.

Tit di konsa : « Tande byen. Mwen p'ap repete anyen nan sa m' di la. Mwen sispèk ou konn tande ou pa ka pèdi yon chat. Aswè a, w'ap teste yon ti chat pou wè si se vre. Nan bwat katon sa a, m' genyen yon ti chat toupiti. Ou pral antre nan rakbwa ki dèyè kay Mesye Chilò a, ki pa twò lwen isi a. W'ap



mache dousman antre nan rak la yon bon ti distans ap swiv ti wout la. Rive yon kote, ou va kontre avèk yon ti fil nou te mare ki travèse wout la. Pase men ou sou fil sa a jouk ou jwenn yon ti nòt nou te ekri. Nou te kite l' mare nan fil la pou ou. Depoze chat la atè a kote ou jwenn nòt la. Pote nòt la ban nou kòm prèv ou te rive nan mitan rakbwa a vre. »

Tit te ouvri ti bwat la, epi li mete ti chat la nan men Makès. Se te yon vye ti chat. Ti chat la t'ap goumen pou li kenbe men Makès fò, kòmsi li te pè tonbe. Je Makès yo te oblije kouri dlo. Chat la te tou swa, epi Makès te ka santi chalè bèt la nan men li yo. Kòman vye ti chat sa a pral mache vin jwenn yo ? Li p'ap kapab. Makès t'ap imajine ti chat la tou egare nan rakbwa a ap rele, ap kriye. Men, Makès te pati pou li rive nan rakbwa a kanmenm.

Men sa Makès t'ap panse : *Podyab, ti chat ! Ou konfyè m' paske ou pa konnen kisa m' pral fè avèk ou. Men, kòman nèg yo kapab mechan konsa ? Yo pa gen kè ditou ?*

Makès te kòmanse fache. Li t'ap mache tou dwat pou li rive kote li prale a. Fòk li reyisi nan prèv sa a. Pa gen okenn ti chat ki ka fè li rate okazyon sa a pou li antre nan Klèb Bon Samariten an.

Lè l' te fèk derape, li te sezi wè kijan ti chat la pa t' genyen pwa. Kounyeya, pandan li t'ap avanse, se kòmsi ti bèt la t'ap vin pi lou nan men li. Epitou, li te santi chalè kò ti bèt la pi plis... kòmsi li t'ap brile men li. Ti chat sa a te dwe anba vant manman li, epi kounyeya Makès pral lage li nan yon rakbwa pou kont li ?

Yon sèl kou, Makès te kanpe sèk. Tèt li t'ap travay. Menm si li fayi devan prèv la, li deside pa fè okenn pa ankò. Okontrè, li vire pou li retounen kote nèg yo. Se kouri li te kouri rive nan lakou a kote zanmi li yo te kanpe ap tann li. Li te mache sou Tit ki te kenbe ti bwat katon an nan men li toujou.

Makès, tou bouke, t'ap pale avèk emosyon : « Men ! Pran l'. Pran chat la mete l' bò kote manman l' ankò, tande ? Si se konsa nou ye nan klèb la, mwen pa ladann. Sa a se mechanste ! Se bon jan mechanste ! Ou byen konnen ti chat sa a ap egare nan rak la. L'ap mouri grangou. Si nou vle di mwen kapon epi mwen pa kapab leve defi sa a, sa p'ap deranje m' kras. M' p'ap lage ti chat la pou kont li pou li mouri. »

Andre fè yon bri : « Wèèèèè ! »

Woubenn aplodi epi li rele : « Se sa ! Ou byen fè ! »

Simon te mete men l' sou do Makès. Li t'ap ri, men dlo te nan je l' tou. Ansanm,

yo touletwa te di : « Ou reyisi nan prèv la, Makès ! »

Makès te rete la tou sezi. Kòman li te reyisi ? Li te eseye pale : « Men, mwen pa t'... »

Se konsa Tit te oblije esplike bagay la pou li : « Wi, Makès. Ou reyisi byen pwòp. Ou reyisi dèske ou te refize fè mechanste. Ou gen bon kè. Ou gen pitye. »

Woubenn te oblije ri lè l' sonje kijan Makès te eksite : « Pa gen dout nan sa. »

Se lè sa a Tit te mete de (2) dwèt nan bouch li pou li souffle byen fò. Apre yon ti moman, yo te tandè yon vwa ki t'ap sòti nan direksyon rakbwa a.

Makès pa t' konprann. Li di : « Kilès ki la a ? »

Tit te reponn : « Ou pa bezwen pè. Se Molyè. Nou te mete l' kache nan rak la pou li ranmase ti chat la si ou te kite li atè vre. »

Woubenn te avanse pou li bay Makès lamen. Li di : « Byenvini nan klèb la, frè m'. Mwen byen kontan ou te reyisi. »

Tit te anonse yon bagay pou tout ti mesye yo. Li di : « Li lè pou n' ale lakay. Pa bliye Mèkredi apremidi nou pral ede Mesye Michèl tire chabon. Li fè nou konnen travay sa kòmanse rès anpil pou li. Donk, n'ap ede li. »

Makès di konsa : « Mezanmi ! Men mwen ! Mwen fè pati Bon Samariten yo. M' tou ladann ! » Konsa, li te souffle pou montre kijan li te sezi, epi li te pati pou lakay.


—Elmo Stoll

Tèks la sòti nan *Yon Prèv Vè Minwi*



Vèsè Pou Aprann

*« Se pou yo aji ak bon kè youn ak lòt, se pou yo
gen pitye youn pou lòt » (Zakari 7.9).*



Aktivite Timoun

Ranpli tout espas vid yo avèk mo ki kòrèk. Ekri yon sèl lèt nan chak ti espas.
 Apre sa, gade chak lèt ki genyen yon ti kòd ki ekri anba li (B-2, C-1...). Kòd la fè
 ou konnen ki kote ou dwe ekri lèt sa a nan bwat ki anba a.
 Lè ou fin jwenn tout lèt yo ki pou antre nan bwat la, epi ou fin ekri yo tout nan
 plas yo, ou va wè kisa Makès te genyen lakay li ki te ede li reyisi nan prèv la.

- Klèb la te rele BON _____.

B-2
C-1
- Tit te kenbe yon bwat _____ nan men li.

E-1
G-2
B-1
- Andan bwat katon an se te yon _____.

F-2
- Pou li antre nan _____ la, fòk Makès te pase nan yon prèv.

C-2
F-1
A-1
- Makès te reyisi byen _____ nan prèv la.

E-2
- Makès te sezi pou wè li deja _____.

I-2
H-2

	A	B	C	D	E	F	G	H	I
1									
2									

(Repons nan paj 13)



« Enkyetid konn
fè yon ti
nyaj parèt kòm si
se gwo tanpèt. »

Yon pwovèb peyi Laswèd

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »*
(2 Pyè 1.19).

Po Dèyè Ak Pwovèb La

« Men ki jan sa ap pase nan Peyi Wa ki nan syèl la :

Se tankou **YON WA KI TE VLE FÈ REGLEMAN AK DOMESTIK LI YO**. Li te fèk kòmanse fè regleman an lè yo mennen youn ba li ki te dwe l' 50 000 goud. Men, nonm lan pa t' gen dekwa peye tout lajan sa a. Mèt la bay lòd pou yo vann li tankou esklav, li menm, madanm li, pitit li yo ansanm ak tout sa l' te genyen, pou peye dèt la.

Domestik la tonbe ajenou devan mèt la, li di li : Mèt, tanpri souple, **PRAN YON TI PASYANS** pou mwen, m'a peye ou tout lajan an. Kè mèt domestik la fè l' mal, li kite lajan an la pou li, li kite l' ale.

Lè domestik la sòti, li kontre ak yon kanmarad ki te dwe l' 100 goud. Li kenbe l', li pran triangle l', li di li : **PEYÈ M' SA OU DWÈ M' LAN**. Kanmarad la lage kò l' atè, li di lòt la : Tanpri, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou. Men, lòt la pa tandè. Li fè mete kanmarad la nan prizon, pou jouk lè li fin peye sa li dwe a.

Lè lòt domestik yo wè sa k' te rive, sa te fè yo mal anpil. Y'al rakonte mèt la sa k' te pase. Lè sa a, mèt la fè rele domestik la. Li di l' konsa : **GADE JAN OU MECHAN !** Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m' fè sa pou ou. Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a.

Mèt la fè gwo kòlè, li fè mete mesye nan prizon pou yo **BAT LI** jouk lè li fin peye tou sa l' te dwe a. Se konsa Papa m' ki anwo nan syèl la va aji ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak tout kè nou. » Matye 18.23-35